

# KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou nan travay ou ki baze sou laj, ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, preferans seksyèl, sityasyon militè, sèks, andikap, predispozisyon jenetik oubyen estati potè, oubyen eta sivil ou, ou kapab pote plent ak Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk.

Ou dwe pote plent nan Divizyon an avan yon ane apre zak diskriminasyon ou ap akize yo fè a. Pou plis enfòmasyon oubyen pou pote plent, ou kapab kontakte biwo rejyonal ki pi pre lakay ou oubyen travay ou a, oubyen vizite sit wèb nou nan:

[www.dhr.state.ny.us](http://www.dhr.state.ny.us)

## KÈK EGZANP :

Ou se yon lesbyen epi ou mennen mennaj ou nan yon fèt. Lè ou retounen travay, materyèl ki prejije kont moun omo-seksyèl kòmanse ap parèt sou biwo ou. Èske sa ilegal ?

Ou dwe repòte ensidan an bay moun ki responsab pou resevwa plent nan konpayi a imedyatman. Pa bliye kenbe kopi tout materyèl pou tèt ou.

Ou se yon vis prezidan fanm epi yo bay lòt kandida pwomosyon sou ou plizyè fwa. Chak fwa, se yon gason ki genyen mwens kalifikasyon yo bay pwomosyon an. Èske sa ilegal ?

Si yo te bay lòt kandida pwomosyon sou ou paske ou se yon fanm, li t ap ilegal.

Vous Ou pote plent diskriminasyon an bòn fwa kont anplwayè ou. Tout swit yo mete ou nan yon pozisyon ki pi ba. Èske sa ilegal?

Depoze yon reklamasyon separe pou vanjans, paske lè yo mete ou nan pozisyon ki pi ba a li sanble yon entansyon diskriminasyon ak vanjans.

Èske ou bezwen pote plent diskriminasyon ak anplwayè ou avan pou pote li ak Divizyonan.

Ou pa oblije fè l. Sepandan, nan plizyè ka, si anplwayè a pa t okouran de diskriminasyon an epi li pat jwenn yon opòtinite pou rezoud pwoblèm nan, li pap responsab.

## GID DE BAZ SOU DISKRIMINASYON NAN TRAVAY

konsènan  
Lwa sou Dwa Moun  
Eta Nouyòk la

NEW YORK STATE  
DIVISION OF  
**HUMAN  
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA  
BRONX, NEW YORK 10458  
(718) 741-8400  
Toll Free 1-888-392-3644  
TDD (718) 741-8300

# Yon Gid de Baz Sou Diskriminasyon Nan Travay

Pou reyalize objektif Gouvènè a pou genyen «Yon Sèl Nouyòk », li nesèsè pou tout moun Nouyòk jwenn menm opòtinite pou chèche travay san tèt chaje ak diskriminasyon. Lwa Sou Dwa Moun Nouyòk pami youn nan lwa kont diskriminasyon ki pi laj nan peyi a. Lwa a entèdi diskriminasyon nan bay anplwaye travay ak revokasyon, diskriminasyon nan konpansasyon, ak diskriminasyon nan règ ak kondisyon travay.

Lwa Sou Dwa Moun entèdi diskriminasyon nan travay ki baze sou laj, ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, preferans seksyèl, sitiyoasyon militè, sèks, andikap, predispozisyon jenetik oubyen estati potè, oubyen eta sivil okenn moun. An plis, anplwaye ki pote plent pou diskriminasyon yo gen pwoteksyon kont vanjans anplwayè yo. Lwa a aplike a tout anplwayè ki genyen kat oubyen plis anplwaye.

## **PWOSIS PLENT ANNDAN TRAVAY LA**

Pifò anplwaye genyen yon pwosis anndan travay la pou repòte akizasyon diskriminasyon nan travay la. Si anplwaye ou an genyen li ou dwe swiv pwosis ki etabli a pou repòte konpòtman an bay reprezantan konpayi ki responsab la. Nan plizyè ka, se Direktè Resous Imèn nan, Konseye Jeneral la, oubyen sipèvizè ou. Si sipèvizè ou se moun ki ap fè diskriminasyon an, lè sa a ou dwe pote plent bay youn moun ki pi wo nan manajman an. Si ou pa swiv pwosis anndan travay la pou pote plent avan pou depoze youn ak Divizyon ou oubyen youn lòt ajans sa ka genyen yon move konsekans nan ka ou a.

## **KENBE YON DOSYE KONPÒTMAN DISKRIMINASYON AN**

Li enpòtan pou asire ke ou kenbe tout plent ou fè bay sipèvizè yo oubyen manajman yo pa ekri. Anpil fwa li difisil pou pwouve si ou te pote plent pa bouch si anplwayè ou di li pat resevwa yo. Nou rekòmande ou pou pran nòt oubyen kenbe youn jounal ki reflekte diskriminasyon yo fè kont ou yo. Ou dwe kenbe jounal ou a youn fason kontanporen. Sa vle di, ou dwe make nòt yo chak jou oubyen tou swit apre konpòtman an te pase. Ou dwe kenbe jounal la lakay ou.

## **RESPONSABLITE POU MINIMIZE DOMAJ YO**

Si anplwayè ou revoke w, ou dwe fè efò rezonab pou jwenn travay pou ou pa pèdi lajan. Sa rele minimize dega ou. Pou etabli ke ou te fè demach rezonab pou jwenn travay, nou rekòmande ou kenbe youn dosye tout lèt motivasyon, imèl, ak lòt dokiman ki montre efò ou te fè. Si ou pa fè sa, li kapab genyen yon move konsekans sou kantite lajan yo ba ou pou dega yo, si ou genyen nan plent la.

## **SI YO BA W REZON NAN PLENT OU A, KI REKOU K AP DISPONIB POU OU ?**

**DOMAJ AKTYÈL :** Genyen rapèl salè ak konpansasyon pou benefis ou te pèdi, tankou kouvèti asirans medikal ak lòt avantaj sosyal.

**KONPANSASYON POU DOMAJ :** Genyen konpansasyon pou kòlè, doulè, ak soufrans mantal ou te sibi.

**REPRAN** pozisyon ou te genyen an ak lòt soulajman ki jis, tankou di moun k ap fè diskriminasyon an pou li sispann ak renonse youn seri de konpòtman, oubyen pou adopte règ ki kont diskriminasyon.